Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON DEVLOPMAN LOJMAN NAN PRI ABÒDAB EPI KI BAY SIPÒ KI KOUTE 27 MILYON DOLA NAN ROCHESTER

Devlopman sou sit dispèse ap prezante 53 kay ki efisyan sou plan enèji pou fanmi nan katye Beechwood yo

Envestisman an konplete Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan — ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke konstriksyon an ankou pou kreye 53 nouvo kay nan katye Beechwood Rochester. Devlopman 27 milyon dola ki dispèse sou plizyè sit la enplike demolisyon pwopriyete ki demode yo ke Otorite Lojman Rochester (Rochester Housing Authority, RHA) administre ak reyabilitasyon ki enpòtan nan lòt pou kreye kay nan 25 kote separe.

“Travay k ap kòmanse jodi a, ap envesti plizyè milyon nan revitalizasyon katye Beechwood lè li kreye epi prezève opòtinite lojman ki nesesè nan fason ijan nan vil la,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Administrasyon mwen an rete angaje pou jwenn solisyon pou kriz lojman eta a k ap bay Nouyòkè yo kay ki efikas sou plan enèji epi ranfòse katye yo pou rezidan ki la yo ak jenerasyon k ap vini yo.”

Devlopman an konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la k ap kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè Eta New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Devlopman an ki sitiye prensipalman nan katye Beechwood, favorize objektif revitalizasyon kominotè ki te presize nan Plan Konplè 2034 Rochester a. Pwojè a te devlope nan kolaborasyon ak Asosyasyon Katye Beechwood la avèk objektif pou amelyore karaktè katye a.

Nan kad konstriksyon an, uit estrikti degrade nan pwopriyete Otorite Lojman Rochester a nan Federal Street ap demoli epi ranplase pa de imèb ba pou plizyè fanmi ak yon kay pou yon sèl fanmi pou yon total 18 kay.

Lòt sit konstriksyon yo ap enplike ranplasman oswa reyabilitasyon 35 kay ki egziste. Kay yo ap yon melanj inite de, twa, ak kat chanm akouche pou fanmi k ap fè ant 30 a 90 pousan Salè mwayen zòn nan.

Devlopman an ap genyen nèf apatman ki gen sèvis sipò pou moun ki gen yon istorik jistis penal ki te sanzabri. Sibvansyon pou lokasyon ak sèvis yo ap finanse atravè Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la epi li administre pa Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la. Founisè sèvis sipò a se Spiritus Christi Prison Outreach.

Devlopman an ki fèt pou reponn ak kritè Nivo 4 Pwogram Nouvo Konstriksyon Lojman - Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), ap itilize aparèy Energy Star, wobinè dlo ki gen debi ki fèb, ak ekleraj LED. Pano solè yo ap enstale sou yon imèb nan sit Federal Street la. Amelyorasyon nan kay ki renove yo ap genyen ladan yo nouvo chodyè wo randman, vantilasyon ki amelyore, izolasyon ki ranfòse, ak ranplasman fenèt. Sit Federal Street la ap genyen tou Wi-Fi gratis, yon estasyon chajè machin elektrik, ak yon lakou.

Pwojè a se Otorite Lojman Rochester ak konsiltan Edgemere Development ki devlope l.

Finansman pou an genyen ladan 13 milyon dola nan Kredi Enpo Eta ak Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni ki Ba yo ak 7 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York. Pwojè a te resevwa 2 milyon dola finansman tou ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) a, ke OTDA administre. NYSERDA ap bay 85,500 dola finansman. Community Preservation Corporation lan ap ofri yon prè pèmanan 2 milyon dola ke SONYMA garanti atravè patenarya li ak Fon Retrèt Komen Eta New York la. Vil Rochester ak Otorite Lojman Rochester ap bay 400,000 dola sibvansyon.

Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la te envesti plis pase 200 milyon dola pou kreye oswa prezève plis pase 2,100 apatman nan vil Rochester, ki enkli Edna Craven Estates ki fèk konplete a.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Lè li restore oswa ranplase pwopriyete ki delabre nan de douzèn kote, nouvo devlopman sa ap pote transfòmasyon pou katye Beechwood vil la. Envestisman nou an ap prezève estòk lojman piblik ki tèlman nesesè a, ofri kay ki bay sipò pou moun ki vilnerab yo, epi amelyore kalite lavi pou rezidan kounye a ak alavni yo. Mèsi a tout patnè piblik ak prive nou yo ki te jwe yon wòl entegral pou fè devlopman sa vin yon reyalite pou Rochester."

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare, "Devlopman ki asosye lojman bon mache ak sèvis sipò ka ofri anviwònman ki estabilizan ki souvan nesesè pou ede moun brize sik

sanzabri. Pwojè Otorite Lojman Rochester a ansanm ak Federal Street ak lòt kote nan katye vil Beechwood ap ofri nouvo lespwa pou moun ak fanmi k ap fè fas ak enstabilite lojman nan zòn sa. Pwojè sa, menm jan ak anpil lòt nan Rejyon Finger Lakes la, demontre angajman kontini Gouvènè Hochul pou asire ke tout Nouyòkè ka gen aksè nan lojman ki sekirize, bon mache nan tout eta nou an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Lè nou mete karakteristik efikasite enèji tankou aparèy energy star, ekleraj LED, ak fenèt ak izolman wot pèfòmans nan kay elektrik ki fèk konstui yo pou sitwayen ki pi vilnerab nou yo, sa esansyèl pou kreye pwochèn jenerasyon an sante a, ak imèb modèn pandan n ap reyalize objektif Gouvènè Hochul pou devlope de milyon kay ki respekte anviwònman vè 2030 lan. NYSERDA fyè pou sipòte devlopman Federal Street la pou angajman yo ak anviwònman an ak kominote yo a, epi mwen felisite yo pou kòmansman konstriksyon an."

Miriam Zinter, Vis Prezidan, Ofisye ipotekè nan The Community Preservation Corporation te deklare, "Lojman piblik Rochester te jwe yon wòl enpòtan nan bay kay ki nan pri abòdab a kèk nan fanmi ki pi vilnerab nou yo. Travay ki te fèt pou restore pwopriyete Federal Street ki egziste a ansanm ak konstriksyon 22 nouvo inite ap fòtifye estòk lojman bon mache Vil la, epi ki bay lojman ki an sekirite, stab, epi aksesib pou sila yo ki pi nan bezwen yo. Mwen remèsye Vil Rochester ak Otorite Lojman Rochester, HCR, ak patnè prè nou yo nan Fon Retrèt Komen Eta a pou patenarya yo."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Se yon baz solid pou yon siksè alavni pou genyen yon kote ki an sekirite epi ki stab pou rele lakay ou, k ap ogmante disponiblite lojman ekitab epi enklizif, ki mennen nou yon etap pi pre pou asire ke chak moun nan kominote nou an ka atenn objektif sa. Mwen fyè dèske mwen te sekirize finansman pou rann pwojè sa posib epi mwen apresye devouman ak angajman Gouvènè Hochul pou revitalize katye nou yo epi leve fanmi lokal yo."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Aksè nan lojman bon kalite mache se yon eleman vital pou sekirite ak sante katye yo. Pwojè sa ap ede asire ke rezidan kominote nou yo genyen lojman dekalite yo merite a, lè li repare pwopriyete vid yo, epi konstui nouvo kay. Mwen rekonesan a patnè mwen yo nan gouvènman an, ansanm ak Otorite Lojman Rochester, pou travay yo nan pwojè sa, epi mwen pa ka tann pou kontinye travay pou asire ke chak manm nan kominote nou an gen yon kote ki an sekirite ke yo rele lakay yo."

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "Mwen kontan ke Otorite Lojman Rochester (Rochester Housing Authority, RHA) ap avanse nan yon pwojè konvèsyon ak rekonstriksyon Demonstrasyon Asistans Lwaye (Rental Assistance Demonstration, RAD) pou pwopriyete Federal Street yo a ak sit separe ki akote yo. Lè nou antreprann gwo renovasyon sa yo, sa pèmèt gen plis moun ki okipe pandan n ap reyabilite yon espas pou viv ki pi abitab pou plizyè rezidan nan kominote nou an. Amelyore kalite lavi vle di bay lojman bon mache priyorite pou fanmi ak timoun yo ka pwospere nan fason dirab nan kondisyon lavi ki swetab. Pwojè sa ap ogmante richès katye nou yo pandan l

ap etabli imèp pou plizyè fanmi, kay familyal, epi rekonstui inite ki egziste yo. Mèsi HCR, OTDA, NYSERDA, CPC, Rochester HOME, Otorite Lojman Rochester ak ESL Federal Credit Union."

Manm Asanble, Harry Bronson, te deklare, "Anons jodi a se yon gwo viktwa pou fanmi Rochester yo. Jan anpil fanmi konnen, kominote nou an bezwen lojman nan pri abòdab epi devlopman Federal Street la ap ofri yon kote pou anpil fanmi rele lakay yol Mwen remèsye Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta NY, Edgemere, Otorite Lojman Rochester, ESL ak Rochester HOME pou angajman kontini yo nan koridò Lès Main Street ak katye Beechwood ak fanmi nou yo."

Chèf Egzekitif Konte Monroe, Adam Bello te deklare, "Devlopman lojman nan Federal Street ak sit ki sou kote yo vize ofri sekirite ak estabilite pou plizyè douzèn rezidan nan katye Beechwood la. Mèsi a Gouvènè Hochul, Edgemere ak Otorite Lojman Rochester dèske yo envesti nan lojman sekirize dekalite pou rezidan Rochester yo."

Majistra Rochester, Malik D. Evans, te deklare, "Mwen rekonesan a Gouvènè Hochul ak Otorite Lojman Rochester pou envestisman yo pou amelyore divèsite bezwen lojman ke nou genyen nan katye Beechwood e pou jodi a ak alavni. Patenarya sa ap ede nou akonpli misyon nou pou kreye yon Rochester ki sekirize, ekitab epi pwospè lè nou bay lojman ki pi estab, abòdab, efisyan sou plan enèji, epi bon kalite pou moun ak fanmi yo."

Shawn Burr, Direktè Egzekitif Otorite Lojman Rochester, te deklare "Otorite Lojman Rochester a kontan anpil pou kòmanse pwojè enpòtan sa epi li ekstrèman rekonesan pou angajman ak sipò kontini Gouvènè Hochul pou devlope epi prezève lojman bon mache. Lojman dekalite nan pri ki abòdab vital pou kominote nou an epi pwojè sa ap ede reyalize objektif nou pou ogmante epi prezève stòk lojman RHA."

Chris Rolan, Patnè ak Vis Prezidan, Edgemere Development, te deklare, "Edgemere Development rekonesan pou sipò, travay di ak kooperasyon ki nesesè pou fè pwojè enpòtan sa reyalize. Pwojè sa make kòmansman yon nouvo efò Otorite Lojman an, epi nou kontan anpil pou wè plan yo pote fui pou kominote a ak rezidan li yo."

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward
Anons jodi a vin konplemante "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###